

Lòd Ijans Dapre MCL 333.2253
Tès Obligatwa, Mezi Prevansyon, ak Lojman San Danje pou Travayè Agrikòl yo
Kesyon yo Poze Souvan

Ou kapab pataje plis kesyon avèk MDARD-COVID19@Michigan.gov. Dokiman sa a, yo kapab mete li ajou tanzantan regilyèman pou fè antre ladan nouvo kesyon.

Jeneral

Poukisa yo egzije pou moun fè tès la?

COVID-19 kapab pwopaje (simaye) rapidman nan anviwònman ki gen anpil moun lè pa gen distansyasyon sosyal.

Toutolon pandemi an, gen flanbe ki pwodui nan kan lojman migran yo ak nan enstalasyon fabrikasyon oubyen transfòmasyon manje ak bwason yo, avèk konsekans ki mete lavi moun an danje. Li enpòtan pou gen tès regilye ki fèt pou idantifye ka yo rapidman, fè prevansyon flanbe ki grav, epi kenbe biznis yo louvri avèk sekirite.

Pou kenbe moun yo an sekirite epi ede Michigan kontinye relouvri, Depatman Sante ak Sèvis Moun Michigan, ansanm avèk Depatman Agrikilti ak Devlopman Riral, yo emèt yon lòd sante piblik pou egzije tès dyagnostik COVID-19 nan anviwònman ki gen gwo risk yo.

Ki moun ki dwe teste e chak kilè yo egzije pou moun fè tès la?

Depatman Sante ak Sèvis Moun Michigan (MDHHS) emèt yon lòd sante piblik ki egzije operatè kan lojman migran yo pou yo founi tès COVID-19 jan nou pral di la a:

- Tès liy debaz yon sèl fwa sou tout rezidan ki gen laj 18an e plis
- Tès tout nouvo rezidan yo 48 èdtan apre yo rive, avèk lojman apa pou rezidan ki fenk rive yo pandan 14 jou apre epi yon dezyèm tès nan fen peryòd sa a
- Tès kèlkeswa rezidan ki gen senptom oubyen ki te ekspoze

Direktiv MDHHS yo egzije tou kèk patwon agrikòl ki gen plis pase 20 anplwaye sou yon sit (nan yon espas) nan menm moman an pou yo founi tès COVID-19 jan nou pral di la a:

- Tès liy debaz yon sèl fwa sou tout travayè yo
- Tès tout nouvo travayè yo anvan kèlkeswa travay an-pèsòn
- Tès kèlkeswa travayè ki gen senptom oubyen ki te ekspoze

Patwon agrikòl sa a yo se:

- Kèlkeswa patwon travayè migran oubyen sezònye
- Enstalasyon transfòmasyon vyann, bèt volay, ak ze
- Sè yo (greenhouses)

Patwon yo ak Egzijans pou Tès yo oubyen Direktiv

Èske tout patwon agrikilti yo oblije founi tès?

Direktiv MDHHS yo egzije tou kèk patwon agrikòl ki gen plis pase 20 anplwaye sou yon sit (nan yon espas) nan menm moman an pou yo founi tès COVID-19.

Patwon agrikòl sa a yo se:

- Kèlkeswa patwon travayè migran oubyen sezònye
- Enstalasyon transfòmasyon vyann, bèt volay, ak ze
- Sè yo (greenhouses)

Èske patwon yo ta dwe teste travayè ki rive ant lè yo te anonse lòd ijans lan ak lè aplikasyon li an?

Tout travayè ki anplwaye ak tout rezidan ki prezan nan kan lojman yo nan dat 24 out 2020, yo dwe te konplete tès liy debaz yon sèl fwa a.

Patwon yo oswa operatè lojman yo kapab itilize tès ki te fèt anvan lòd sante piblik sa a pou satisfè egzijans tès liy debaz la pou kèlkeswa endividi (kèlkeswa grenn moun) ki toujou nan menm kan lojman migran an oubyen ki ap travay nan biznis menm patwon an. Rezidan oswa travayè ki pa t patisipe nan tès anvan yo, paske yo te refize fè tès la, yo pa te prezan nan instalasyon an, oubyen kèlkeswa lòt rezon an, yo toujou bezwen konplete tès liy debaz.

Kijan tès yo òganize oswa pwograme nan fèm mwen an oswa biznis transfòmasyon mwen an?

Gen plizyè opsyon pou konplete tès yo, tankou kreye yon pwogram tès ke patwon an jere, mande asistans (èd) eta a, epi itilize resous tès nan kominote a an jeneral.

MDHHS te emèt [direktiv](#) ansanm ak Lòd Sante Piblik la sou kijan patwon yo kapab konplete tès obligatwa yo.

Èske patwon yo gen pou yo peye pou pwogram tès anplwaye yo?

Patwon yo ak operatè lojman yo, se yo-menm ki se premye responsab pou kou finansye (pou depans) ki fèt pou tès yo, byenke yo kapab chèche ranbousman nan men asirans sante lè sa aplikab epi yo kapab chèche jwenn asistans eta a pou fè tès yo.

Pwodiktè yo ak transfòmateur yo, yo admisib pou yo aplike pou sibvansyon ki kouvri kou (pa egzans, tès ki fèt sou yon sit/nan yon espas, avèk yon izin okonplè oubyen tès endividiyèl nan sit ki sètifye, enkli kou pou pèsònèl/pèsònèl medikal la pou administre tès yo ak ekipman pwoteksyon endividiyèl pou sit tès yo) ki asosye avèk tès COVID-19 yo. Enfòmasyon anplis ak enstriksyon pou fè aplikasyon an, yo disponib nan www.michiganbusiness.org/agsafety.

Anpil travayè agrikòl, enkli travayè H-2A ak moun ki pa gen papyè, yo kapab admisib pou Sèvis Ijans Sèlman (ESO) Medicaid, ki kouvri kou tès COVID-19 yo. Yon lòt opsyon pou

kouvri kou (depans) tès yo, se ede travayè yo aplike pou kouvèti asirans sa a ak faktire tès yo pou anplwaye ki admisib pou asirans.

Patwon yo ak operatè lojman yo pa gen dwa repèkite kou yo sou anplwaye yo (yo pa gen dwa fè anplwaye yo peye pou depans yo), enkli kou ke asirans sante a pa kouvri, menm si sa ta fèt sou fòm chaj dirèk oswa chaj endirèk, frè, chanjman reminerasyon (chanjman valè kòb anplwaye a touche), oswa lòt mwayen finansye.

MDHHS te emèt [direktiv](#) ansanm ak Lòd Sante Piblik la konsènan fason patwon yo kapab konplete tès obligatwa yo, enkli enplikasyon finansye ak opsyon asistans tankou sibvansyon, kouvèti asirans, oswa mande asistans eta a.

Kijan mwen ka mande asistans (èd) pou tès yo?

Patwon yo ak operatè lojman k ap chèche asistans yo ta dwe soumèt yon demand bay MDHHS nan MDHHS-Migrant-Affairs@michigan.gov, lè yo itilize modèl ki an pyès jwent lan, disi 11 out 2020.

Eta Michigan ap bay sipò pou tès yo jan kapasite li pèmèt sa. Se eta a sèlman ki gen pouvwa pou li deside si demand asistans yo merite satisfè. Kòm altènativ, eta a kapab dirije demandè yo nan direksyon lòt resous pou tès ki disponib atravè founisè medikal yo e nan kominote a.

Kisa pou m fè si Sant Sante lokal ke Gouvènman Federal la Agreye a (FQHC) pa founi tès?

Patwon yo gen plizyè opsyon konsènan kijan pou yo konplete tès yo, enkli kreyasyon yon pwogram tès ke enstalasyon an jere, mande asistans eta a, ak itilize resous tès yo nan kominote a an jeneral. MDHHS te emèt yon direktiv ansanm ak Lòd Sante Piblik la sou fason patwon yo kapab konplete tès obligatwa yo.

Pandan ke eta a gen entansyon pou li fè yon patenarya avèk FQHC yo pou founi pifò tès pou travayè agrikòl yo, eta a gen plizyè lòt patnè founisè ki kapab fè tès yo tou nan zòn ke FQHC yo pa kouvri.

Kijan yo dwe konsève dosye tès yo?

Patwon yo ak operatè lojman yo dwe konsève dosye tès ki fèt yo pandan yon lane. MDARD kapab egzamine dosye sa a yo ak gade si yo respekte lòd sa a pandan kèlkeswa enspeksyon, renouvèlman lisans, oswa selon sa li va deside. MDHHS kapab egzamine dosye sa a yo selon sa li va deside. MDHHS ap refere kèlkeswa vyolasyon lòd sa a bay MDARD, e MDARD kapab refere vyolasyon lòd sa a bay MDHHS.

Ki moun ki ap resevwa rezilta tès yo si patwon an founi tès? Patwon an oubyen anplwaye a?

Se anplwaye a/pasyan an ke yo dwe bay rezilta yo.

Tès yo ki te fèt anvan Lòd sa a te emèt, èske yo satisfè youn nan nouvo egzijans tès yo?

Patwon yo oubyen operatè lojman yo, yo kapab itilize tès ki te fèt anvan lòd sante piblik sa a pou satisfè egzijans tès liy debaz la pou kèlkeswa moun ki toujou nan kan lojman migran an oubyen ki ap travay nan biznis patwon an. Rezidan oubyen travayè ki pa t patisipe nan tès

anvan yo, yo toujou bezwen rive jwenn yon tès liy debaz.

Nan biznis patwon agrikòl ki gen kouvèti yo, pou tès ki fèt sou nouvo travayè yo anvan travay an-pèsòn nan, èske tès ki te fèt anvan arive a kapab satisfè egzijans lan? Èske endividi yo (chak grenn moun an patikilye) kapab travay anvan yo resevwa rezilta yo?
Tès ki te fèt nan peryòd 72 èdtan anvan arive a kapab satisfè egzijans pou teste nouvo travayè anvan yo ale nan travay an-pèsòn. Nouvo travayè yo pa kapab travay an-pèsòn jiskaske yo resevwa yon rezilta tès negatif.

Nan peryòd 14 jou lè rezidan kan lojman migran ki fenk rive yo dwe loje nan inite abitasyon apa, èske endividi sa a yo kapab travay?

Wi, byenke MDHHS ankouraje prekosyon tankou distansyasyon sosyal, kouvèti figi an tisi, ak lave men.

Èske endividi yo kapab travay nan peryòd ki chita kò li ant lè tès la fèt la ak lè yo resevwa rezilta yo?

Pou prèske tout egzijans tès yo, wi, endividi yo kapab travay pandan y ap tann rezilta yo, byenke MDHHS ankouraje prekosyon tankou distansyasyon sosyal, kouvèti figi an tisi, ak lave men. Toutfwa, pou tès nouvo travayè yo anvan kòmansman travay an-pèsòn nan nan biznis patwon agrikòl ki gen kouvèti yo, travayè yo pa gen dwa kòmanse travay an-pèsòn jiskaske yo resevwa yon rezilta tès negatif.

Kisa ki ap pase si youn nan anplwaye mwen yo teste pozitif?

Patwon yo ak operatè lojman yo dwe pran mezi sa a yo lè yon travayè oubyen yon rezidan teste pozitif pou COVID-19 oswa li ekspozè a viris la:

- a. Patwon agrikòl yo dwe retire nan travay la anplwaye ki gen COVID-19 yo jiskaske anplwaye sa a yo satisfè tout kritè CDC tabli yo pou anplwaye sa a yo retounen nan travay.
- b. Patwon agrikòl yo dwe retire nan travay la tou anplwaye yo konnen ki te ekspozè a yon endividi ki gen COVID-19 (sa vle di, kontak pwòch (mwens ke sis pye) avèk endividi a pandan yon tan ki long (15 minit oswa plis)).
- c. Patwon yo ak operatè lojman yo dwe suiv direktiv CDC yo konsènan prevansyon enfeksyon ak mezi sekirite yo.
- d. Patwon yo ak operatè lojman yo dwe fè efò ki rezonab pou konekte endividi ki pozitif yo avèk resous eta a ak resous lokal yo pou sipòte bezwen debaz endividi yo tankou manje ak lojman.
- e. Finalman, patwon yo ak operatè lojman yo dwe notifie departman sante lokal la ak Biwo Sèvis Migran MDHHS nan MDHHS-Migrant-Affairs@michigan.gov. Notifikasyon sa a yo pral pèmèt departman sante piblik yo aplike yon repons sante piblik yon fason apwopriye epi ede avèk sipò pou travayè yo.

Si travayè yo oblije antre ann izolman oubyen mete pwòp tèt yo an karantèn, kijan patwon yo ap fè rive jwenn garanti ¾ lè a?

Konje maladi peye dapre FFCRA a ta va konsidere kòm lè travay peye epi poutèt sa yo ta va kontabilize yo nan garanti ¾ lè a.

Si yon anplwaye teste pozitif, èske li admisib pou konje maladi oswa alokasyon chomaj pandan tan li oblije fè ann izolman an?

Anpil travayè ak patwon kouvri pa Lwa federal Repons Kowonaviris Fanmi yo Dabò, ki prevwa konje maladi peye nan kèk sikonstans. [Patwon yo ta dwe konsilte direktiv federal yo pou yo pi byen konprann si Lwa a kouvri yo.](#)

Dapre FFCRA a, yon anplwaye admisib pou konje maladi peye si anplwaye a pa kapab travay (oubyen fè teletravay) akòz yon nesosite konje paske anplwaye a:

1. obeyi yon lòd karantèn oswa izolman Federal, Eta, oswa lokal ki anrapò avèk COVID-19;
2. gen yon founisè swen sante ki te rekòmande li pou li mete pwòp tèt li an karantèn akòz COVID-19;
3. prezante senptom COVID-19 epi li ap chèche yon dyagnostik medikal;
4. ap pran swen yon endividi (yon moun) ki obeyi yon lòd ki dekri nan (1) oswa ki mete pwòp tèt li an karantèn jan sa dekri nan (2);
5. ap pran swen yon timoun ke lekòl li fèmen oswa kote yo pran swen li an fèmen (oswa founisè swen timoun nan pa disponib) pou rezon ki anrapò avèk COVID-19; oswa
6. twouve li nan kèlkeswa lòt sitiyasyon ki prèske menm bagay la jan Sekretè Sante ak Sèvis moun yo presize sa, an konsiltasyon avèk Sekretè Travay la ak Sekretè Trezò a.

Dapre FFCRA a, yon anplwaye admisib pou konje famiyal pwolonje si anplwaye a ap pran swen yon timoun ke lekòl li oswa kote yo pran swen li an fèmen (oswa founisè swen timoun nan pa disponib) pou rezon ki anrapò avèk COVID-19.

Travayè ki ap resevwa konje maladi peye pa kapab admisib pou alokasyon chomaj paske yo konsidere ke yo toujou ap travay. Travayè ki pa resevwa konje maladi peye dwe aplike pou alokasyon chomaj, yo pa enskri otomatikman, ni yo pa admisib otomatikman, yo toujou dwe satisfè kondisyon admisibilite UIA yo. Travayè yo kapab aplike sou [Sit Wèb Ajans Asirans Chomaj Eta Michigan lan.](#)

Lwa Konje Medikal Peye Michigan lan (PMLA) Apati 3 avril 2020, Gouvènè Whitmer etann sèten pwoteksyon ki asosye avèk admisibilite Lwa Konje Medikal Peye a dapre lwa eta a akòz ijans COVID-19 la.

1. Pwoteje travayè ki rete lakay yo lè yo-menm oswa kontak pwòch yo malad epi poze yon risk pou enfekte lòt moun avèk COVID-19.
2. Kouvri pifò anplwaye ki travay nan Michigan ak pifò patwon yo kèlkeswa kantite anplwaye yo.
3. Ekstansyon sa a bay konje poutèt COVID-19 avèk pwoteksyon kont diskriminasyon.
4. Entèdi patwon yo ranvwaye, pini, oswa fè reprezay kont yon anplwaye ki rete lakay li pou evite enfekte lòt moun avèk COVID-19 paske li genyen li oswa li te gen kontak rapwoche avèk yon moun ki gen youn oubyen plis nan prensipal senptom yo oubyen yon tès pozitif.
5. Entèdi patwon yo ranvwaye, pini, oswa fè reprezay kont yon anplwaye poutèt li pa founi dokimantasyon ki montre ke anplwaye a oswa yon kontak pwòch anplwaye a gen youn oswa plis nan senptom prensipal yo.
6. Yo dwe trete tan konje ki itilize pou rete lakay la tankou tan PMLA epi peye li pandan yo itilize tan akimile PMLA (akimile oswa antisipe), oubyen pa peye si pa gen tan akimile PMLA.

Konsilte [Lòd Egzekitif 2020-36](#) la pou plis enfòmasyon. Yo dwe adrese kesyon sou PMLA yo a Divizyon Leo/Salè ak Lè nan PMLA-INFO@michigan.gov.

Èske mwen kapab ranplase tanporèman yon travayè pandan tan li ann izolman an?

Yon patwon kapab anboche yon travayè pou ranplase tanporèman yon travayè ki ann izolman/an karantèn. Yo dwe anboche travayè ranplasman tanporè a selon menm kondisyon anplwa (salè, tach, lè travay, elatriye) ak travayè ki ann izolman/an karantèn nan.

Èske travayè ki teste pozitif e ki admisib pou alokasyon chomaj yo, yo enskri otomatikman?

Non, yo dwe aplike pou alokasyon lè yo vizite [Sit Wèb Ajans Asirans Chomaj Eta Michigan lan](#).

Kijan yon biznis agrikilti oswa yon operatè kan ta dwe ede endividi yo ak fanmi yo antre ann izolman lè yon moun teste pozitif?

EO 2020-137 egzije pou operatè kan lojman migran yo founi asistans nan zafè lojman izolman pou rezidan ki pozitif a COVID yo. Eta a ap travay tou pou etann opsyon yo pou lojman izolman.

Kijan yo defini “sou yon sit”? Kijan sa ye pou patwon ke pèsònèl yo travay avèk gran espas ant yo nan yon jaden?

“Sou yon sit” vle di sou pwopriyete patwon agrikòl la nan yon kote an patikilye.

Èske lòd sa a chanje egzijans lojman yo nan EO-137?

Non

Èske Lòd sa a kouvri enstalasyon transfòmasyon ke USDA reglemante yo?

Wi.

Travayè yo

Kisa ki ap pase si mwen refize fè tès la?

Travayè ki refize fè tès la pa kapab fè travay an-pèsòn epi, si y ap viv nan yon kan lojman migran ki gen lisans, yo dwe rete nan lojman izolman pou pwoteje lòt moun kont COVID-19.

Yo dwe enfòme anplwaye a konsènan egzijans sa a yo nan lang ke anplwaye a pito a. Mezi sa a yo dwe kontinye pandan 14 jou pou asire ke travayè a pa gen senptom, oswa travayè a teste epi li resevwa yon rezilta negatif dokimante.

Èske patwon mwen an kapab anpeche mwen travay ankò lè mwen an sante oswa pou pwochen rekòt yo?

Michigan se yon eta “anplwa selon volonte”. Sa vle di ke yon patwon oswa yon anplwaye kapab jeneralman mete fen nan yon relasyon travay nenpòt ki lè e pou nenpòt ki rezon sof si yon lwa oubyen yon akò pran yon dispozisyon ki diferan.

Pa egzansp, yon lwa federal oswa yon lwa eta a, yon konvansyon kolektif, oswa yon kontra travay kapab mete limit sou yon relasyon ki si se pa te sa te ap fèt selon volonte chak pati yo. Revokasyon ki vyole lwa, akò, oswa kontra sa a, moun kapab al pote plent nan tribinal pou konbat yo.

Èske gen èd si mwen teste pozitif e mwen pa kapab touche yon revni?

Wi, Lwa federal Repons Kowonaviris Fanmi yo Dabò mande pou patwon ki gen kouvèti yo bay jiska de semèn konje maladi peye pou anplwaye ki ann izolman oswa an karantèn akòz enfeksyon oubyen ekspozisyon a COVID-19. Lwa sa a prevwa tou yon pwosesis ki pèmèt patwon yo jwenn ranbousman pou kou sa a yo.

[Patwon yo ta dwe konsilte direktiv federal yo pou yo pi byen konprann dispozisyon Lwa sa a.](#)

Endividi ki teste pozitif yo pral konekte ak yon espesyalis Pwogram Migran MDHHS, ki kapab ede travayè yo jwenn lòt kalite resous. Sa enkli Ajans Aksyon Kominotè lokal yo ki kapab gen posibilite pou ede.

Si mwen teste pozitif e mwen kapab resevwa alokasyon chomaj, èske m ap enskri otomatikman?

Travayè ki pa resevwa konje maladi peye yo dwe aplike pou alokasyon chomaj. Yo pa enskri otomatikman, epi yo dwe toujou satisfè egzijans admisibilite UIA yo. Travayè yo kapab aplike sou [Sit wèb Ajans Asirans Chomaj Eta Michigan lan](#).

Si mwen teste pozitif epi mwen pa kapab resevwa alokasyon chomaj, èske gen lòt èd ki disponib? Kisa pou m fè pou mwen resevwa èd?

Gen lòt èd ki disponib pa lentèmedyè Ajans Aksyon Kominotè lokal ou a pandan w ap pase tan peryòd izolman obligatwa w la. Yon espesyalis Pwogram Migran DHHS lokal pral konekte

Mizajou 3 out 2020

moun ki pozitiv yo avèk Ajans Aksyon Kominotè lokal la pou yo kapab jwenn asistans.

Èske gen èd si tès mwen an pozitiv epi mwen pa kapab izole tèt mwen oswa kenbe distans mwen parapò a lòt moun?

EO 2020-137 egziye operatè kan lojman migran yo pou yo bay rezidan ki gen tès COVID pozitiv yo asistans nan sa ki konsène lojman izolman. Eta a ap travay tou pou etann opsyon yo pou lojman izolman yo.